


ELVAJ KABRIT E MOUTON



Keith FLANAGAN / Wesly JEUNE

ELVAJ KABRIT E MOUTON

*Bondye fè tout kalite bèt....
Li gade sa l te fè a, li wè l bon.*

Jenèz 1: 25

Elvaj Kabrit e Mouton

*Se yon liv ke Doktè Keith FLANAGAN, DMV ak Wesly JEUNE, Ing-Agr. ekri..
pandan n ap onore gwo travay Doktè M. E. BIRMINGHAM te fè nan premye liv
elvaj Kabrit e Mouton an, n ap pwofite remèsye :*

2002

Plan liv la

ELVAJ KABRIT E MOUTON	I
PLAN LIV LA	III
PREZANTASYON	VIII
CHAPIT I	1
1. JENERALITE SOU KABRIT	1
1.1 KI KOTE KABRIT KREYÒL NOU YO SÒTI?	1
1.2 KI KARAKTERISTIK KABRIT KREYÒL LA?	1
1.3 FIZYOLOJI NÒMAL KABRIT (<i>OUBYEN LÈ KABRIT PA MALAD</i>)	1
1.4 KÈK RAS KABRIT AK KOTE YO SÒTI	1
CHAPIT II	3
2 ELVAJ KABRIT AK EKZIJANS LI	3
2.1 NOU KA JWENN PWOFI NAN KABRIT SI NOU OKIPE YO BYEN	3
2.2 EKZIJANS POU YON BON ELVAJ KABRIT	3
2.2.1 <i>Pou anpeche maladi antre sou kabrit epi kenbe l anfòm</i>	3
2.2.2 <i>Bon swen</i>	3
2.2.2.1 Kenbe kabrit yon bon konte	3
2.2.2.2 Bay kabrit vèmifij	3
2.2.2.3 Taye zago kabrit	4
2.2.3 <i>Bay kabrit bon manje</i>	4
2.2.3.1 Fwen	4
2.2.3.2 Men kijan nou ka pèdi fwen an	4
2.2.3.3 Li bon pou bay kabrit sèl	5
2.2.3.4 Bay kabrit bon dlo	5
2.2.4 <i>Bon ras</i>	5
CHAPIT III	6
3 REPWODIKSYON	6
3.1 AKTIVITE SEKSYÈL KABRIT	6
3.2 KWAZMAN	6
3.3 KÒMAN POU AMELYORE RAS KABRIT	6
3.4 MIZBA	6
3.4.1 <i>Kèk siy ki fè wè mizba preske rive</i>	7
3.4.2 <i>Yon mizba nòmral</i>	7
3.4.3 <i>Pozisyon nòmral pou yon mizba</i>	7
3.4.4 <i>Pozisyon ki ka koz yon maldanfan (mizba difisil)</i>	8
3.4.5 <i>Pou ede ti kabrit vin fèt pandan yon maldanfan</i>	8
3.4.6 <i>Aprè mizba</i>	8

CHAPIT IV	9
4 SWEN APRÈ MIZBA	9
4.1 POU BAY PLIS LÈT	9
4.1.1 <i>Plis dlo</i>	9
4.1.2 <i>Plis manje</i>	9
4.2 SWEN TI KABRIT	9
4.2.1 <i>Kòd lonbrit</i>	9
4.2.2 <i>kolostwòm</i>	9
4.2.3 <i>Kastrasyon oubyen chatre</i>	9
4.2.3.1 <i>Avantaj kastrasyon</i>	9
4.2.3.2 <i>yon jan pou chatre kabrit</i>	10
4.2.3.3 <i>yon lòt jan pou chatre kabrit</i>	10
CHAPIT IV	11
5 SELEKSYON OUBYEN FASON POU CHWAZI KABRIT	11
5.1 KI JAN POU CHWAZI YON KABRIT POU ACHTE	11
5.2 CHWAZI YON KABRIT	11
5.3 PA CHWAZI YON KABRIT KI GEN	11
5.4 KI JAN POU CHWAZI YON FEMÈL POU ACHTE	12
5.5 KI JAN POU CHWAZI YON BOUK POU ACHTE	12
5.6 POU KONNEN LAJ KABRIT, GADE DAN ENSIZIV YO SOU MACHWA ANBA A	12
5.7 POU PEZE KABRIT SAN BALANS	13
CHAPIT IV	14
6 SISTÈM ELVAJ	14
6.1 ELVAJ KABRIT NAN PAK	14
6.2 LÈ NOU FÈ ELVAJ KABRIT NAN PAK, SONJE KE KABRIT YO SE PRIZONYE YO YE.	14
6.3 KLOTI POU PAK KABRIT	14
6.4 LÈ NOU FÈ ELVAJ KABRIT NAN PAK NOU TA DWE RETIRE KÒN YO	14
6.5 AVANTAJ POU MARE KABRIT AK KÒD	15
6.6 DEZAVANTAJ POU MARE KABRIT AK KÒD	15
6.7 PA KITE BÈT PAW LAGE !	15
6.8 LÈ OU TOUYE KABRIT POU VYANN	15
CHAPIT IV	16
7 MALADI	16
7.1 KI LÈ NOU PALE DE MALADI ?	16
7.2 KÈK SIY MALADI	16
7.3 KI SA POU FÈ LÈ OU SISPÈK YON KABRIT MALAD	17
7.4 GENYEN DE (2) KALITE TÈMOMÈT :	17
7.5 KÈK MALADI KABRIT AK JÈM KI PWODUI YO	18
7.6 KÈK PARAZIT KI PWODUI MALADI	18
7.7 KÈK MALADI MIKWÒB OUBYEN BAKTERI BAY	18
7.7.1 <i>chabon</i>	18

7.7.1.1	siy oubyen sentom -----	18
7.7.1.2	Koz ak fason maladi a transmèt -----	19
7.7.1.3	Tretman ak prevansyon-----	19
7.7.1.4	Danje pou moun -----	19
7.7.2	<i>Briseloz</i> -----	19
7.7.2.1	Siy oubyen sentom -----	19
7.7.2.2	Koz ak fason maladi a transmèt -----	19
7.7.2.3	Tretman ak prevansyon-----	Error! Bookmark not defined.
7.7.2.4	Danje pou moun -----	Error! Bookmark not defined.
7.7.3	<i>Kolibasiloz (dyare, dyare blanch, dyare jòn)</i> -----	20
7.7.3.1	Siy oubyen sentom -----	20
7.7.3.2	Koz ak fason maladi a transmèt -----	20
7.7.3.3	Tretman ak prevansyon-----	20
7.7.3.4	Danje pou moun -----	20
7.7.4	<i>Mamit</i> -----	20
7.7.4.1	Siy oubyen sentom -----	20
7.7.4.2	Koz ak fason maladi a transmèt -----	21
7.7.4.3	Tretman ak prevansyon-----	21
7.7.4.4	Danje pou moun -----	21
7.7.5	<i>Avotman Klamidyen (Chlamydien)</i> -----	21
7.7.5.1	Siy oubyen sentom -----	21
7.7.5.2	Koz ak fason maladi a transmèt -----	21
7.7.5.3	Tretman ak prevansyon-----	21
7.7.5.4	Danje pou moun -----	22
7.7.6	<i>Abse (lymphadénite caséuse)</i> -----	22
7.7.6.1	Siy oubyen sentom -----	22
7.7.6.2	Koz ak fason maladi a transmèt -----	22
7.7.6.3	Tretman ak prevansyon-----	22
7.7.6.4	Danje pou moun -----	22
7.7.7	<i>nemoni</i> -----	22
7.7.7.1	Siy oubyen sentom -----	22
7.7.7.2	Koz ak fason maladi a transmèt -----	22
7.7.7.3	Tretman ak prevansyon-----	22
7.7.7.4	Danje pou moun -----	22
7.7.8	<i>Salmoneloz</i> -----	23
7.7.8.1	Siy oubyen sentom -----	23
7.7.8.2	Koz ak fason maladi a transmèt -----	23
7.7.8.3	Tretman ak prevansyon-----	23
7.7.8.4	Danje pou moun -----	23
7.7.9	<i>tetanòs</i> -----	23
7.7.9.1	Siy oubyen sentom -----	23
7.7.9.2	Koz ak fason maladi a transmèt -----	23
7.7.9.3	Tretman ak prevansyon-----	23
7.7.9.4	Danje pou moun -----	24
7.8	KÈK MALADI VIRIS BAY -----	24
7.8.1	<i>raj</i> -----	24
7.8.1.1	Siy oubyen sentom -----	24
7.8.1.2	Koz ak fason maladi a transmèt -----	24

7.8.1.3	Tretman ak prevansyon-----	24
7.8.1.4	Danje pou moun-----	24
7.8.2	<i>Fyèv aftez (fièvre aphteuse)</i> -----	24
7.8.2.1	Siy oubyen sentom-----	24
7.8.2.2	Koz ak fason maladi a transmèt-----	25
7.8.2.3	Tretman ak prevansyon-----	25
7.8.2.4	Danje pou moun-----	25
7.9	MALADI PARAZIT YO BAY-----	25
7.9.1	<i>Parazit entèn</i> -----	25
7.9.1.1	Koksidyoz-----	25
7.9.1.1.1	Siy oubyen sentom-----	25
7.9.1.1.2	Koz ak fason maladi a transmèt-----	25
7.9.1.1.3	Tretman-----	25
7.9.1.1.4	Danje pou moun-----	25
7.9.1.2	Douv oubyen vè fwa di-----	25
7.9.1.2.1	Siy oubyen sentom-----	25
7.9.1.2.2	Koz ak fason maladi a transmèt-----	26
7.9.1.2.3	Tretman ak prevansyon-----	26
7.9.1.2.4	Danje pou moun-----	26
7.9.1.3	Vè won oubyen vè trip-----	26
7.9.1.3.1	Siy oubyen sentom-----	26
7.9.1.3.2	Koz ak fason maladi a transmèt-----	26
7.9.1.3.3	Tretman ak prevansyon-----	26
7.9.1.3.4	Danje pou moun-----	26
7.9.1.4	tenya-----	27
7.9.1.4.1	Danje pou moun-----	27
7.9.1.5	toksoplasmoz-----	27
7.9.1.5.1	Koz ak fason maladi a transmèt-----	27
7.9.1.5.2	Tretman ak prevansyon-----	27
7.9.1.5.3	Danje pou moun-----	27
7.9.2	<i>Parazit ekstèn</i> -----	27
7.9.2.1	Pou-----	27
7.9.2.1.1	Siy oubyen sentom-----	27
7.9.2.1.2	Tretman ak prevansyon-----	28
7.9.2.1.3	Danje pou moun-----	28
7.9.2.2	Gal-----	28
7.9.2.2.1	Koz ak fason maladi a transmèt-----	28
7.9.2.2.2	Tretman ak prevansyon-----	28
7.9.2.2.3	Danje pou moun-----	28
7.9.2.3	Lateng oubyen Pyas-----	28
7.9.2.3.1	Siy oubyen sentom-----	28
7.9.2.3.2	Koz ak fason maladi a transmèt-----	28
7.9.2.3.3	Tretman ak prevansyon-----	29
7.9.2.3.4	Danje pou moun-----	29
	KÈK MEDIKAMAN POU TRETE BÈT YO-----	30
	LIV NOU KONSILTE YO-----	33

LIS TABLO YO

TABLO 1: TABLO SA A ENDIKE KEK RAS, KOTE YO SOTI, AK OBJEKTIF KI FE YO ELVE YO.	2
TABLO 2: PWA KABRIT LA SUIVAN MEZI LAJE L	13
TABLO 3: KEK MALADI KABRIT AK TIP JEM KI PWODUI YO.....	18
TABLO 4: KÈK PARAZIT KI PWODUI MALADI.....	18
A) TABLO 5: MEDIKAMAN POU ELIMINE PARAZIT ENTEN.....	30
B) TABLO 6: KÈK ANTIBYOTIK AK ITILIZASYON YO	31
C) TABLO 7: KÈK VITAMIN.....	32

Prezantasyon

Agrikilti divize an de (2) sousektè : sousektè ki gen rapò ak plant epi sousektè elvaj sa vle di ki gen rapò ak bèt.

Li trè klè ke sousektè elvaj la pa devlope akòz gwo kontrent nou pral site la yo :

- a) Dansite popilasyon twò elve (250 abitan/km² anviwon) avèk mòsèlman (tè yo twò divize) ; san nou pa bliye ke peyi a gen twòp mòn (80% mòn).
- b) Manke manje pou bay bèt yo
- c) Ras bèt nou yo twò fèb, twò piti (potansyèl jenetik fèb)
- d) Manke asistans teknik pou elvè yo.

Malgre tout sa, sousektè elvaj la, nan fason l ap konpòte l jodi a, rive kontribye nan amelyore revni agrikiltè a ak fanmi li.

Nan sans sa, nou kapab site kèk avantaj ke elvè a tire nan elvaj :

- Vin met plis sou byen l genyen.
- Amelyore fason l ap manje nan pran plis pwoteyin (vyann)
- Fè chari pou laboure tè
- Bay valè a dechè kilti yo
- Elatriye.

Si leta Ayisyen ak kèk òganizasyon non gouvènmantral, nan kad planifikasyon ak politik rejyonal oubyen global yo, konn fè kèk entèvansyon nan sousektè elvaj la, rezilta yo anrejistre yo pa trè enteresan.

Lè nou konsidere jodi a, pi plis ke lontan, mache nou an anvayi ak tout kalite pwodui elvaj (vyann, lèt, elatriye), nou kwè se yon moman pou responsab yo reflechi sou yon lòt politik, yon lòt estrateji pou devlope elvaj la.

Se yon okazyon tou, pou enstitisyon k ap travay nan elvaj, ta kòmanse fè kèk aksyon ki pi byen defini, ki dirab e konsekan.

Se pou tèt sa, liv sa a ki reprann epi ajoute sou sa k te ekri nan premye liv **elvaj kabrit e mouton** Dòktè M. E. BIRMINGHAM te ekri, se rezilta efò k ap fèt pou amelyore elvaj **kabrit** ak **mouton**, nan eseye difize yon seri enfòmasyon ki pou sèvi elvè ak teknisyen nan fason y ap elve bèt sa yo.

Nan liv la, w ap jwenn nou pale sitou de kabrit ; men tout sa ki di sou kabrit valab pou mouton tou.

Nou pa gen pretansyon ke liv la konplè, ale wè pou l ta pafè. Men nou panse l se yon zouti ki va sèvi tout moun k ap elve oubyen k ap chèche enfòmasyon sou kabrit ak mouton.

Nou swete moun ki pwokire liv sa a, va fè yon bon izaj avè l pou finalman, yon sistèm elvaj kabrit ak mouton pi òganize, pi rasyonèl, e pi pwodiktif.

CHAPIT I

1. Jeneralite sou kabrit

1.1 Ki kote kabrit kreyòl nou yo sòti?

Piga nou panse ke kabrit nou yo se pitit tè peyi Ayiti yo ye! Selon kèk espesyalis (*P. Chemineau et al.*), kabrit nou yo, ke yo rele kabrit kreyòl ou byen kabrit endigèn, ta sòti nan zòn kot Ès Afrik ak peyi End. Li ta sanble se pandan bann navigatè yo tap pede vini nan zòn antiy yo nan 17èm ak 19èm syèk, ke yo ta tou vini ak yo.

1.2 Ki karakteristik kabrit kreyòl la?

Kabrit kreyòl la ti fizik. Lè w mezire otè yon kabrit adil (2 ane anviwon) nan nivo zèpòl li (gawo), se a pe prè 50 cm pou femèl la e pi 60 cm pou mal la. Koulè wòb li ou byen pwal li kapab:

26% nwa, 25% chamwa, 15% gri, 10% bèj, 10% bren, 14% lòt koulè (blan, ou plizyè lòt). 94 % kabrit sa yo gen kòn, e pi 6% gen zanno.

1.3 Fizyoloji nòmral kabrit (*oubyen lè kabrit pa malad*)

Lè kabrit pa malad òganis li oubyen kò li gen karakteristik sa yo :

- a) Tanperati kò : $104^{\circ} \pm 1^{\circ}\text{F}$, 40°C .
- b) Rit kè : 70 — 80 pa minit ; li pi rapid pou ti kabrit.
- c) Rit repiratwa : 12 — 15 pa minit ; li pi rapid pou ti kabrit.
- d) Mouvmman pans : 1 — 1.5 pa minit.
- e) Gen chalè : ant 7 e 12 mwa, selon jan li manje.
- f) Dire chalè : ant 12 a 48 è ; oswa 1 jou an mwayèn.
- g) Sik chalè (chak fwa gen chalè) : 17 a 23 jou : oswa 21 jou an mwayèn.
- h) Dire jestasyon (plenn) : 148 a 156 jou ; 150 jou an mwayèn.

Atansyon : tanperati kò depann de : tansyon, ekzèsis (si li mache anpil oubyen kouri), tanperati tout zòn nan.

1.4 Kèk ras kabrit ak kote yo sòti

Pa manke ras kabrit. Gen ras yo elve pou vyann paske yo gwo anpil, genyen yo elve pou lèt paske yo bay anpil lèt, genyen se pou fib (plim ki sou yo), gen lòt se pou po. *Gade tablo ki aprè a.*

Tablo 1:Tablo sa a endike kèk ras, kote yo sòti, ak objektif ki fè yo elve yo.

Ras	Kote l sòti	Objektif elvaj
<i>Bò (Boer)</i>	Afrik di sid	Vyann
<i>Matou (Ma tou)</i>	Chin (chine)	Vyann
<i>Kanbing kadjann (Kambing kajang)</i>	Malezi	Vyann
<i>Togenbè (Toggenburg)</i>	Ewòp (Europe)	Lèt
<i>Sanenn (Saanen)</i>	Ewòp	Lèt
<i>Angora</i>	Tekzas, Tiki, Afrik di sid	pwal
<i>Alpin (Alpine)</i>	Ewòp	Lèt
<i>Nubyenn (Nubian)</i>	Soudan	Lèt ak vyann
<i>Anglo nibyenn (Anglo-nubian)</i>	Angletè, End, Soudan	Lèt
<i>Moubende (Mubende)</i>	ouganda	Po
<i>La mancha</i>	Etazini, Espay	Lèt
<i>Sapel</i>	Afrik di nò	Vyann

CHAPIT II

2 Elvaj kabrit ak ekzijans li

2.1 Nou ka jwenn pwofi nan kabrit si nou okipe yo byen

Men ki kantite pwodui nou ka jwenn nan kabrit:

a) Vyann

Se yon bon sous pwoteyin ke kò a bezwen pou l ka grandi

b) Po

po kabrit la gen anpil itilite tankou:

- pou fè soulye ak sandal
- pou fè tanbou , senbal, tanbouren, e latriye
- pou fè pwodui atizana

c) Fimye

poupou kabrit la kapab itilize tankou fimye. E fimye a se yon bon angrè òganik li ye pou fè kilti yo pouse byen.

d) Lèt

Lèt kabrit trè rich. Li gen anpil pwoteyin, Kalsyòm, ak vitamin.

e) Ti kabrit

Ti kabrit la kapab trè enpòtan pou:

- repwodui ras la
- epi jwe wòl kanè bank elvè a.

2.2 Ekzijans pou yon bon elvaj kabrit

2.2.1 Pou anpeche maladi antre sou kabrit epi kenbe l anfòm

Elvaj kabrit chita sou twa (3) wòch sa yo : Bon swen, bon manje ak bon ras.

2.2.2 Bon swen

2.2.2.1 Kenbe kabrit yon bon konte

- kabrit pa renmen ni labou, ni lapli. Lè sa yo vin kagou.
- kabrit merite yon kote ki byen drene
- epi yo merite yon tonèl pou pwoteksyon kont solèy epi kont lapli.

2.2.2.2 Bay kabrit vèmifij

Pou anpeche vè souse kabrit la, ba l vèmifij chak twa (3) mwa.

2.2.2.3 Taye zago kabrit

Lè yo vin twò long, ou dwe taye yo pou yo pa vin enfekte ou defòme.

Men ki jan pou koupe yo.

Men ki jan pou kenbe kabrit la pou taye zago l

2.2.3 Bay kabrit bon manje

Fouraj: Genyen plizyè kalite fouraj nou ka plante pou kabrit nou. Sa vle di genyen zèb ginen, zèb gwatemala, zèb wayal, zèb etwal, zèb napye, kòlkòl, zèb si, e latriye.

Fèy: plante pye bwa tankou doliv, lesena, bwadòm, rami, gomye, pwa vèlvèt, kanpèch, bayawonn, koton swa, kalbas, zaboka, kwòk chyen, pètpèt, gwayav mawon, elatriye.

Sonje plant ki fè gous (Legimine) trè rich an pwotein. E pwotein se yon kalite manje ki fè kò a grandi.

2.2.3.1 Fwen

Fwen: ki sa fwen an ye?

Nou rele fwen, tout zèb ke yo koupe e pi kondisyone pou fè manje pou bèt. Anvan tan sèk, fè yon fwen pou yo ka toujou gen manje pandan sechrès.

Kòman pou prepare bon fwen?

Lè gen bon zèb ki toujou byen vèt e jèn, rekòlte kèk pou fè yon depo fwen. Lè ou fè fwen, w ap konsève zèb la pou lè tan sèk.

Pou konsève fwen an: mete fwen an andedan yon kay ki pa koule pou li pa mouye paske, si l mouye, l ap gate. Oswa, fè yon pil byen apik pou lè lapli tonbe, li pa antre andedan pil la e konsa, sèlman kouch deyò vin gate. Epi ou ka kouvri tèt pil la ak pay oswa ak yon plastik pou kenbe l sèk.

Mete pil fwen an sou ròch pou kenbe l sèch anba.

Pou fè fwen an pi gou, ou ka mete kèk grenn sèl nan mitan chak kouch.

Se fwe an ki kenbe kabrit la pandan tan sèk, lè pa gen bon zèb pou manje.

2.2.3.2 Men kijan nou ka pèdi fwen an

- a) Fwen an pa t ase sèk anvan estokaj. Sa ka fè li dekonpoze. Sa vle di fwen an chofe pou kont li li vin kwit.
- b) Lapli mouye fwen an e fè li gate.
- c) Fwen an pèdi fèy li paske li twò sèk.

2.2.3.3 Li bon pou bay kabrit sèl

Mete kèk grenn sèl nan yon kalbas, kwoke kalbas la menm wotè ak tèt kabrit la. Konsa, kalbas la kòmanse swe sèl la. Lè kabrit la niche pou l, li jwenn sèl la. Oswa, si ou ka jwenn yon blòk mineral, bay kabrit la pou l ka niche. Konsa, li ka jwenn tout mineral li bezwen pou byen grandi, e repwodui.

2.2.3.4 Bay kabrit bon dlo

Bon dlo vle di:

- dlo ki pwòp
- ki pa gen jèm maladi
- ki fre

2.2.4 Bon ras

Bon ras, se yon eleman enpòtan nan elvaj. Nan sa ki konsène kabrit, nou kapab admèt ke elve move ras kabrit pa pi fasil ke elve bon ras. Se pou sa, tout elvè kap chèchè yon meyè pwodiktivite bay ras la anpil enpòtans. *Pou ras yo, gade tablo 1, paj 2.*

CHAPIT III

3 repwodiksyon

3.1 Aktivite seksyèl kabrit

Kabrit gen sezon yo pou mennen aktivite seksyèl li. Sezon sa a koresponn avèk peryòd jou yo vin pi kout. Sa vle di kòmanse nan mwa *Jen* rive nan mwa *Desanm*. E miz ba a ap kòmanse sòti novanm pou rive Avril. Pou sa k konsène bouk la, la p gen pi plis semans oubyen jèm oubyen espèmazoid sòti septanm pou rive fevriye.

3.2 kwazman

Se youn nan ak ki pèmèt yon animal repwodui.

- An jeneral yon animal kwaze lè li gen chalè (*femèl la aksepte mal*) aprè l fin fòme. Kabrit kòmanse gen chalè lè laj li ant 5 a 10 mwa e lè l peze a pe prè 28 rive 35 kilo selon ras la.
- Si ou bay kabrit la plis manje pandan 3 semèn anvan ou kwaze l, li gen yon pi bon chans pou fè plis pitit.
- Kabrit gen chalè chak 21 jou e rete an chalè pou 1 a 3 jou. Siy ou kapab remake se: ***kabrit la aji dwòl, li pa alèz, bòbòt li vin woz epi l gonfle, li pipi souvan e li enterese nan bouk.***
- Kwaze manman kabrit la 2 fwa pa jou pandan li gen chalè. Oswa lage l avèk bouk la.
- Pa kwaze kabrit ki sòti nan menm fanmi ansanm; paske si ou fè sa, ti kabrit yo ka fèt fèb, oswa pi piti, oswa avèk defòmasyon. Sa vle di ou bese ras la. Pwoblèm sa a rele “konsanginite”.
- Manman kabrit la pran 5 mwa pou fè pitit. Sa vle di, si li kwaze 20 Septanm, l ap fè pitit 20 Fevrye konsa. Oswa si yon kabrit te kwaze 20 Mas, l ap fè pitit 20 Out konsa.
- Bay manman kabrit plis manje pandan 6 anvan li fè pitit.

3.3 Kòman pou amelyore ras kabrit

Kabrit kreyòl, se kabrit ti tay, ti fizik. Si ou ta vle amelyore ras la, fòk ou ta kwaze l ak yon kabrit ki bay plis pèfòmans swa nan bay lèt, ou byen nan bay vyann. *Gade tablo 1 paj 2*

3.4 Mizba

Mizba se ak ki pèmèt manman kabrit la mete pitit yo deyò.

- Si tout bagay pase byen, pitit yo ap fèt pandan 1 a 2 zèd tan Aprè manman kabrit la kòmanse akouche, si ti kabrit yo poko fèt inèd tan aprè manman an kase lezo, mete tèt manman kabrit la anba e leve dèyè l pou ti kabrit yo ka reranje andedan l. aprè sa, lage manman an e gen yon bon chans pou pitit yo fèt.

- Si manman kabrit la toujou gen pwoblèm, lave men ou e bra ou byen pwòp; aprè sa lave dèyè manman kabrit la e mete men ou andedan li trè dousman pou eseye rale pitit li yo deyò.
- Si manman kabrit la ta gen pwoblèm pou fè pitit la, bay manman an antibyotik tankou: pinisilin oswa tetrasiklin 5 a 7 jou. *Gade tablo 6, paj 39 pou dòz yo.*
- Preske tout manman kabrit jete plasenta a pandan 4 èd tan Aprè mizba. Si manman an pa jete plasenta nèt aprè 4 èd tan, ba li yon demi cc oksitosin chak 2 zèd tan pandan yon jou Aprè li te fè pitit. Epi ba li antibyotik pandan 5 a 7 jou aprè mizba a.

3.4.1 Kèk siy ki fè wè mizba preske rive

12 èd tan anvan mizba a, manman kabrit la kapab bay kèk siy ke mizba a preske rive:

- Li rete apa
- Li ajite
- Li pyafe zèb la
- Bò ke li e bò kòt li vin anfonse
- Gen yon likid ki sòti nan bòbòt li.
- Manmèl li chaje ak lèt
- Tete li chaje ak kolòstròm
- Vant kabrit la desann
- Li kouche souvan
- Li gade bò kòt li
- Li pa alèz
- Li rele anpil

3.4.2 Yon mizba nòmal

Lè ou wè siy mizba parèt, mete manman an yon kote ki byen pwòp epi mete kèk pay ou zèb ki pwòp atè.

- ✓ Lè li fin kase lezo, ti kabrit yo ta dwe kòmanse fèt pandan 1 èd tan apre.
- ✓ Ti kabrit yo ta dwe fin fèt pandan 2 èd tan Aprè manman kase lezo.
- ✓ Tranpe kòd lonbrit la nan dezenfektan
- ✓ Fè ti kabrit yo tete touswit aprè yo fèt pou yo ka bwè kolostwòm ki pwoteje ti kabrit yo kont maladi.

3.4.3 Pozisyon nòmal pou yon mizba

Men pozisyon ti kabrit yo:

- tèt la nan mitan janm devan yo. Janm devan yo sòti an premye.
- pye dèyè yo sòti ansanm an premye avèk do l an lè.
- tou lè de pozisyon yo nòmal andedan yon manman kabrit.

3.4.4 Pozisyon ki ka koz yon maldanfan (mizba difisil)

a) Dèyè ti kabrit la vin anvan

Solisyon: *pouse ti kabrit la devan e rale pye dèyè yo pou pye dèyè kapab sòti avan*

b) Tèt la tòde dèyè

Solisyon: *pouse ti kabrit la tounen ladan matris manman an. Rale tèt la pou li rive nan mitan janm devan yo. Aprè sa, rale ti kabrit la deyò.*

c) Si yon sèl pye parèt devan e lòt pye a kwoke dèyè, ti kabrit la pap kapab sòti.

Solisyon: *pouse ti kabrit la tounen ladan matris la. Aprè sa, rale pye a ki te kwoke dèyè. Lè ti kabrit la rive nan pozisyon nòminal, rale li deyò.*

3.4.5 Pou ede ti kabrit vin fèt pandan yon maldanfan

- Taye zong ou yo byen kout.
- Lave bra ou e men ou byen pwòp ak savon e dlo
- Lave dèyè manman an byen pwòp
- Foure men ou dousman andedan manman kabrit la.
- Reranje ti kabrit la nan yon pozisyon pou l kapab sòti
- Rale ti kabrit la avèk pye devan yo. Pye devan yo ta dwe sòti an premye anvan tèt la.

Nb: lè li fin met ba: bay manman an antibyotik (penisilin oswa tetrasiklin) pandan 5 a 7 jou.

Pa ekzanp: bay manman an 3 cc penisilin pwokeyin G chak 2 jou pandan 6 jou, oswa bay 3 cc LA 200 chak 3 jou pandan 6 jou.

3.4.6 Apre mizba

- Manman an ta dwe jete plasenta a 4 èd tan Aprè mizba a.
- Si li pa jete l , ba li yon demi cc oksitosin (oxytocin) chak 2 zèd tan pandan premye jou Aprè mizba a. epi ba li antibyotik tankou penisilin oswa tetrasiklin pandan 5 a 7 jou apre.

CHAPIT IV

4 Swen aprè mizba

4.1 Pou bay plis lèt

4.1.1 Plis dlo

- Manman kabrit la bezwen plis dlo pou bay plis lèt.
- Si li pa resevwa ase dlo, li pa ka bay anpil lèt
- Ba li dlo pwòp e fre 3 fwa pa jou.

4.1.2 Plis manje

- Manman kabrit la bezwen plis manje pou bay plis lèt.

4.2 Swen ti kabrit

4.2.1 Kòd lonbrit

Lè ti kabrit la fèk fèt, tranpe kòd lonbrit la nan dezenfektan tankou yòd oswa kloròks oswa alkòl oswa kleren. Sa kapab anpeche mikwòb antre nan kò l. Mikwòb sa yo ka fè anpil dega nan kò kabrit la. Epi mete enpe kreyolin (sa vle di nastol) nan lonbrit la tou pou evite vè mouch atake li.

4.2.2 kolostwòm

ede ti kabrit la tete touswit aprè li fèt. Sa trè enpòtan paske premye lèt la ki rele "kolostwòm" gen bagay ladan li ki konbat mikwòb e pwoteje ti kabrit la kont maladi yo. Epi se "kolostwòm" ki yon medsin pou ede ti kabrit la pase premye pou pou a ki rele godron oswa "mekonyòm". Donk san kolostwòm ti kabri ka vin kostipe epi yo pa gen defans menm kont mikwòb.

4.2.3 Kastrasyon oubyen chatre

Kastrasyon se yon operasyon ki pèmèt yo retire testikil (grenn) oswa ovè yon bèt. Men se mal ke yo chatre pi souvan.

4.2.3.1 Avantaj kastrasyon

- Li pèmèt nou elimine mal ki pa bon oubyen sa ki bay move pitit
- Li pèmèt nou kite mal ki pi bon yo
- Mal ki chatre pa nwi femèl
- Li pèmèt ras la pa deperi paske li ede kontwole konsanginite

li pi bon si ou chatre ti kabrit yo anvan yo gen 3 semenn. Si ou chatre yo, ou ka evite pwoblèm konsanginite, pa ekzanp lè ti bouk ap kouri dèyè manman li e kwaze avè l.

4.2.3.2 yon jan pou chatre kabrit

- ou kapab koupe sak la e retire grenn yo.
- Lave sak la avèk dlo e savon. Koupe sak la avèk yon jilèt ki nèf e pwòp.
- Rale grenn yo e koupe kòd yo. Si kabrit la gwo, mare kòd yo avèk fil anvan ou koupe yo. Flite l ak remèd vè mouch e ba li penislin pandan 3 jou Aprè ou fin chatre li pou anpeche pwoblèm tetanòs.

4.2.3.3 yon lòt jan pou chatre kabrit

- ou kapab koupe kòd la san ou pa koupe sak la
- peze kòd la ak yon mòso bwa oswa ak yon zouti ki rele "burdizzo"

Men kote ou dwe peze kòd la

CHAPIT IV

5 Seleksyon oubyen fason pou chwazi kabrit

5.1 Ki jan pou chwazi yon kabrit pou achte

- Chwazi yon kabrit ki konn fè anpil pitit (pa ekzanp ras twa oswa ras kat). Si kabrit la pako fè pitit, tcheke si manman li konn fè anpil pitit.
- Chwazi yon kabrit ki pa gen defòmasyon tankou move dan ou byen 1 sèl grenn ou byen janm fèb.
- Chwazi yon kabrit ki te devlope byen e vit.
- Chwazi yon femèl ki gen yon gwo vant pou li gen kapasite pou manje anpil
- Chwazi yon kabrit ki pa twò gra, ni twò mèg.
- Chwazi yon kabrit ki pa gen okenn abse epi ki pa gen okenn lòt maladi.
- Chwazi yon kabrit ki gen gwo manmèl, bon janm, bon dan e yon kò ki fò.
- Chwazi yon mal ki gen de gwo grenn menm gwosè, janm fò dan fò e kò fò. Chwazi yon bèl mal pou kwaze avèk manman kabrit pa w pou ou kapab amelyore ras la. Chwaziyon mal ki te sòti nan vant yon manman ki konn fè anpil pitit.
- Chwazi yon kabrit ki pa sòti nan menm fanmi avèk lòt kabrit pa w si ou vle kwaze yo ansanm. Sa vle di pa janm kwaze kabrit ki sòti nan menm fanmi an. Si ou fè sa, manman an ka fè pitit defòme, oswa ki pi piti, oswa ki fèb. Sa vle di, si ou kwaze kabrit ki sòti nan menm fanmi an, ou bese ras la. Pwoblèm sa a rele “konsanginite”.
- Tcheke dan kabrit la anvan ou achte l : sa ka pèmèt ou estime laj kabrit la epi pou ou ka wè nan ki eta dan yo ye. Pa achte yon kabrit ki granmoun oswa ki pa gen bon dan. Yon kabrit ki pa gen bon dan pa ka manje byen e l ap vin mèg.

5.2 Chwazi yon kabrit

Ki pa twò gra ni twò mèg

5.3 Pa chwazi yon kabrit ki gen

- anpil laj
- yon do fèb
- yon bouch e yon nen ki mens
- zepòl ki twò etwat
- yon vant ki plat
- yon kwoup ki twò apik e twò fèb
- yon manmèl ki twò pandye
- janm fèb

5.4 ki jan pou chwazi yon femèl pou achte

- chwazi yon femèl ki genyen bon dan
- tcheke dan li yo pou konnen laj li
- yon vant ki pa plat men ki gen anpil kapasite pou kenbe manje
- yon do ki laj e fò
- yon bon manmèl
- janm fò
- janm yo kanpe dwat e byen ekate

5.5 ki jan pou chwazi yon bouk pou achte

fòk bouk la gen :

- γ je klè
- γ yon kò ki laj e ki gen longè mwayen
- γ yon bouch e nen ki laj
- γ janm ki fò e ki byen ekate
- γ anpil vyann sou li
- γ yon kò ki byen laj e fò
- γ yon do ki fò ak yon kwoup ki long e laj
- γ grenn ki gwo e ki gen menm gwosè
- γ bon dan

NB : li ta bon si ou ta ka gen enfòmasyon sou :

- kote kabrit la sòti
- ki moun ki te mèt li
- istwa kabrit la.

Si se pa sa ou gen dwa panse ou achte yon bon kabrit lè ou konsidere tout kritè nou so t bay la e poutan kabrit la ka gen anpil move abitud. Lè sa a ou pa achte kabrit ; ou achte pwoblèm.

5.6 Pou konnen laj kabrit, gade dan ensiziv yo sou machwa anba a

- Poko gen 1 an
- 1 an
- 2 an
- 3 an
- omwens 4 an
- kabrit ki gran moun

5.7 pou peze kabrit san balans

mezire lajè kabrit la avèk yon mè. Mezire kò kabrit la dèyè janm devan yo. Sere mè la byen anvan ou pran mezi a.

Aprè sa gade tablo a pou konnen konbyen liv kabrit la peze.

Tablo 2: Pwa kabrit la suivan mezi lajè l

Santimèt	Pous	Liv	Santimèt	Pous	Liv	Santimèt	Pous	Liv
25	10	4	53	21	35	81	32	101
28	11	5	56	22	39	84	33	110
30	12	6	58	23	45	86	34	120
33	13	8	61	24	50	89	35	130
36	14	10	63	25	57	91	36	140
38	15	12	66	26	63	94	37	150
41	16	15	68	27	69	96	38	160
43	17	19	71	28	75	99	39	170
46	18	23	73	29	81	102	40	180
48	19	27	76	30	87	104	41	190
51	20	31	79	31	93	107	42	200

CHAPIT IV

6 Sistèm elvaj

6.1 Elvaj kabrit nan pak

Si nou vle gade kabrit nan pak, nou bezwen plante zèb ak pye bwa anvan nou kòmanse. Se yon fason pou nou ka jwenn manje pou ba yo.

Li pi bon si nou mete zèb ak fèy nan yon manjwa ou byen si nou mare li anlè paske konsa kabrit gen manje ki byen pwòp e ki pa kontamine avèk vè. Epi konsa kabrit yo gaspiye mwens manje.

6.2 Lè nou fè elvaj kabrit nan pak, sonje ke kabrit yo se prizonye yo ye.

- Sa vle di yo depann nèt de mèt la.
- Se mèt la ki bezwen pote dlo e manje pou yo.

6.3 Kloti pou pak kabrit

- Sèvi ak pye bwa vivan pou poto yo
- Sèvi ak kandelam oswa pit oswa pengwen oswa bayonèt
- Mete yon kwòk nan kou kabrit la si li konn chape souvan.

6.4 Lè nou fè elvaj kabrit nan pak nou ta dwe retire kòn yo

Nou fè sa pou yon kabrit pa bat lòt ak kòn yo lè yo rete ansanm nan yon pak. Yon lòt avantaj pou retire kòn kabrit se pou yo pa blese ti moun. Yon dezavantaj pou retire yo se kabrit san kòn pa gen defans kont chyen.

Men kijan pou retire kòn :

- Chofe yo mòso tiyo byen cho nan dife
- Apre tiyo a byen cho, pase l nan kòn yo pou boule sou kote kòn yo. Konte dousman. Kòmanse a 1 rete a 15. Aprè sa, retire tiyo a. yon moun bezwen kenbe kabrit la fò pandan w ap fè sa paske sa fè kabrit la mal.
- Si ou boule byen, w ap fè yon mak byen boule sou kote kòn yo.
- Atansyon : si ou boule twòp, ou ka boule sèvo kabrit la.
- Li pi bon pou retire kòn kabrit anvan yo gen 2 mwa pou evite anpil traka. Sa vle di li difisil anpil pou retire kòn yon gwo kabrit.

6.5 Avantaj pou mare kabrit ak kòd

- ✓ Yon kòd pa koute anpil kòb
- ✓ Ou pa bezwen pote manje pou yo paske ou kapab mare kabrit yo kote ki gen manje
- ✓ Gen mwens pwoblèm ak vè e mikwòb si ou chanje kabrit yo souvan.
- ✓ Ou pa bezwen retire kòn yo. Li pi bon pou kite kabrit yo ak kòn pou pwoteksyon kont chyen.

6.6 Dezavantaj pou mare kabrit ak kòd

- ❖ Nenpòt bouk ka vin kwaze ak kabrit yo san ou pa konnen. Alò li enposib pou amelyore kabrit yo si nenpòt bouk ap kwaze avèk yo.
- ❖ Kabrit la ka toufe oswa vin mare nan kòd la. Li ka mouri oswa li ka pèdi yon janm.
- ❖ Li pi difisil pou bay kabrit la dlo
- ❖ Si ou mare kabrit la lwen, yon chyen ka touye li oswa yo ka vòlè li.
- ❖ Si ou gen anpil kabrit, li ka pran anpil tan pou mare chak yon kote.
- ❖ Li pi difisil pou veye yo.

6.7 Pa kite bèt paw lage !

Si ou kite yo lage, yo ka antre nan yon jaden oswa machin ka frape yo.

Epitou, si ou kite kabrit lage, ou kraze pwojè rebwazman an. Si ou kraze pwojè sa a, ou kraze peyi a, ou kraze fanmi ou epi ou kraze pwòp tèt pa w.

6.8 Lè ou touye kabrit pou vyann

- Frappe tèt li nan mitan je li yo pou li pèdi konesans touswit pou li pa soufri lè ou koupe gòj li.
- Answit, koupe gòj li pou san an kapab byen koule.
- Kwoke kabrit la tèt anba pou san an kapab sòti nèt.
- Si ou pa retire san an touswit Aprè ou touye kabrit la, vyann nan gate pi vit.

CHAPIT IIV

7 Maladi

7.1 Ki lè nou pale de maladi ?

Nou pale de maladi, lè kò yon èt vivan pa fonksyone byen. Tout maladi gen yon kòz. Gen yon seri maladi se jèm ki bay yo. Pami jèm sa yo nou ka site : viris, bakteri, chanpiyon, elatriye.

Gen lòt se parazit entèn ki bay yo tankou : vè ak koksidi.

Genyen tou se parazit ekstèn tankou : pou, gal, vè mouch, elatriye.

Pou fini, gen lòt maladi ke yo rele maladi metabolik oubyen fizyolojik, sa vle di, se kò a ki konn mal dijere oubyen mal asimile sa ou ba li a oswa li pa jwenn sa l bezwen pou l fonksyone (maladi karans), oswa ankò li jwenn plis pase sa l bezwen.

7.2 Kèk siy maladi

Yon kabrit ki malad kapab :

- Pa vle bwè ou manje byen
- Gen yon gwo tèt
- Gen dyare
- Gen anemi. Tcheke popyè a. si li wòz, kabrit la pa gen anemi. Si li blan, kabrit gen anemi.
- Gen lafyèv, sa vle di tanperati li kapab pi wo pase 105° F ou byen 40° ½ C.
- Bwate.
- Gen siy doulè. Pa egzanp, li deplase dousman ou byen li kanpe sou jenou li yo paske pye li yo fè li mal. Ou byen li frape vant li avèk pye dèyè e li kanpe avèk do l wo paske vant li fè li mal.
- Respirè vit ou byen avèk difikilte.
- Deplase dousman, e li pa rete nan gwoup la avèk lòt kabrit yo. Li repoze anpil.
- Gen anpil gaz nan vant li
- Avèg
- Aji dwòl
- Gen pij ki sòti nan bouboun li
- Gen pwal sèk e lèd.
- Anfle nenpòt kote nan kòl
- Gen tach nan bouch li oswa nan manmèl li.

7.3 Ki sa pou fè lè ou sispèk yon kabrit malad

- a) Mande mèt la tout istwa kabrit la e tout siy kabrit la te prezante.
- b) Eseye konprann ki kalite swen kabrit la ap resevwa. Eske li resevwa dlo chak jou ? ki kalite manje l ap manje ?
- c) Mande si gen lòt kabrit ki malad nan menm lakou a ou nan menm zòn lan. Si lòt kabrit gen menm siy, sa ka yon maladi kontajyez, sa vle di yon kabrit ka bay yon lòt maladi a. si maladi a ap atake anpil kabrit nan zòn lan, chèche yon ajan veterinè e di li sa.
- d) Fè yon bon egzamen sou kabrit la. Obsève nan ki eta li ye. Tcheke tanperati li, manmèl li, bòbòt li, lonbrit li, po li e toupatou nan kò li. Tcheke pou pou li tou. Gade ki jan l ap mache, si l ap bwate oswa si li fèb. Gade ki jan l ap aji.
- e) Apre ou fin fè egzamen an sou kabrit la, gen yon bon chans ou ka jwenn ki kote epi ki kalite pwoblèm ki genyen nan kò kabrit la.
- f) Apre ou jwenn ki kote pwoblèm nan ye, epi ki sa li ye, ou ka deside ki sa pou w fè pou kabrit la. Eseye korije pwoblèm lan e bay mèt kabrit la konsèy sou jan li ka anpeche pwoblèm lan repete.
- g) Li pi bon pou ou si ou **anpeche** maladi antre tan pou eseye **geri li** paske chak fwa ou bezwen trete yon pwoblèm, se plis depans, se plis travay e yon kabrit ki malad se bak l ap fè. Sa vle di chak fwa ou trete yon maladi, menm si maladi a geri, mèt kabrit la ap toujou fè defisi.

Sonje : evite miyò pase mande padon !

7.4 Genyen de (2) kalite tèmomèt :

- Tèmomèt an farennayt (F)
- Tèmomèt an santigrad (C)

Kabrit gen lafyèv lè yo gen yon tanperati pi wo pase 105° F oubyen 40° ½ C.

7.5 Kèk maladi kabrit ak jèm ki pwodui yo

Tablo 3: kèk maladi kabrit ak tip jèm ki pwodui yo

Viris	Bakteri	Chanpiyon
Raj Dyare Aftoz Ekzema kontajyez	Dyare Abse Tetanòs Chabon Mamit Metrit Nemoni Salmoneloz Colibasiloz Briseloz	Lateng (pyas)

7.6 Kèk parazit ki pwodui maladi

Tablo 4: kèk Parazit ki pwodui maladi

Entèn	Ekstèn
Vè trip oubyen tenya	Pou
Emeria (<i>Koksidyoz</i>)	Tik
Vè poumon	Gal
Vè fwa di oubyen douv, oubyen vè plat	Vè mouch
Anaplasma (<i>Anaplasmoz</i>)	
Toksoplasma (<i>Toksoplasmoz</i>)	
Babesia (<i>Babezyoz</i>)	

7.7 Kèk maladi mikwòb oubyen bakteri bay

7.7.1 chabon

7.7.1.1 siy oubyen sentom

maladi chabon an bay yon gwo fyèv (107°F oubyen 41.5°C), yon gwo feblès, andedan bouch, je, nen, vin rouj anpil , kèk fwa ou konn wè dyare a gen san ladan. Li respire vit, kè li vin bat vit, e tou piti. Bèt la vin pèdi apeti epi lèt li ak pipi li kon gen tras san. Lang lan, gonj lan, flan yo ak zòn bò dèyè a, bouboun nan tou konn gen bouton.

Lè bèt la mouri, ou ka wè san nan tout twou nan kò li. Lè ou ouvri kadav la, san an tou nwa.

7.7.1.2 Koz ak fason maladi a transmèt

Mikròb ki bay chabon an rele *Bacillus Anthracis* (*Bacillus anthracis*) oubyen Antraks.

Bèt pran maladi a lè li manje yon zèb, oubyen bwè dlo ki kontamine ak spò mikròb la. Sa ka frape nenpòt bèt ou moun ; men ou wè bèf gen maladi a pi souvan. Si yon bèt ki te gen chabon mouri, li kontamine tè kote li dekonpoze a. mikròb sa a ka kontamine tè a pandan 15 ane konsa.

7.7.1.3 Tretman ak pevansyon

Lè siy yo vin twò parèt, ou pa ka fè okenn tretman. Tretman fèt ak gwo dòz tetrasiklin oubyen penisilin pandan 5 jou.

Si li ta sanble gen epidemi, fò ou ta bay tout bèt nan zòn nan vaksen. Vaksen an dire 1 an nan kò bèt la. Alò ou bezwen bay li chak ane pou pwoteje li.

Pou evite maladi a gaye, ou dwe brile kadav bèt la oubyen antere li byen fon nan tè.

7.7.1.4 Danje pou moun

Maladi chabon an se yon zoonoz, sa vle di moun ka pran l tou. Si ou ta sispèk yon bèt te mouri akoz chabon, pa fann li, pa vèsè san l, pa touche vyann li. Pa manje vyann bèt ki te mouri ak maladi chabon ; menm si ou ta kwit li byen, l ap toujou ba ou maladi a.

7.7.2 Briseloz

7.7.2.1 Siy oubyen sentom

Kabrit yo konn montre kèk siy ki pa twò klè. Kèk fwa, ou ka remake mamit(manmèl anfle), kabrit la ap brete, epi yon ti dyare.

Femèl yo kapab fè avòtman aprè 4 mwa $\frac{1}{2}$ oubyen 5 mwa pandan li plenn.

Mal yo kapab genyen yon enflamasyon nan testikil (grenn) oubyen nan jwenti (atikilasyon).

Se tè san ki montre tout bon vre maladi a ekziste. Pi souvan se laboratwa veterinè ki fè li. Se kabrit ki bay moun maladi sa a fasil.

7.7.2.2 Koz ak fason maladi a transmèt

Se yon bakteri (mikwòb) ki rele brisela melitensis (*Brucella melitensis*) ki bay maladi a.

Maladi a gaye lè yo manje zèb ki kontamine ak miki

is lè yon moun pran maladi sa a. se pou tèt sa :

- Ou pa dwe bwè lèt ki pa bouyi ni pwodui ki fèt ak lèt ki pa trete.
- Fòk ou pwoteje men ou ak gan, si w ap ede yon manman kabrit ki fè maladi a met ba.

Ou ka manje vyann kabrit la si ou byen pran swen l e si li byen kwit.

7.7.3 Kolibasiloz (dyare, dyare blanch, dyare jòn)

7.7.3.1 Siy oubyen sentom

Bèt la gen gwo feblès, dyare byen likid, po l pèdi anpil dlo e fret. Je l fin ale nèt. Ti kabrit ki blese ka bay menm si sa yo. E yo kapab mouri byen vit si sa yo ap pèdi nan kò yo a pa ranplase. Se siy sa yo ki fè kwè maladi a. analiz laboratwa ka konfime l.

7.7.3.2 Koz ak fason maladi a transmèt

Se yon bakteri ki rele Echerichia koli (Escherichia coli) ki bay ti kabrit li (ti kabrit ki gen 2 semèn) epi yon anviwònman (kote bèt la ap viv) malsen. Kabrit la pran mikwòb la nan bouch, trè souvan lè yo fèk fin fèt. Se lè ti kabrit la manke pran kolostwòm, maladi a ka antre pi fasil sou li.

7.7.3.3 Tretman ak prevansyon

- Ou dwe bay bèt la tout sa l pèdi yo (dlo ak mineral) chak jou. Dòz la se 10% pwa bèt la.
- Bay antibiyotik pou touye mikwòb la. Ou ka bay : neomycine, spectromycine, chloramphenicol, tetracycline ou sulfamide (5-10 mg/kg pwa bèt la) 2 fwa pa jou.
- Fè ti kabrit yo pran kolostwòm 2 zèd tan lè l fin fèt pou l pa pran maladi a.
- Netwaye kote bèt la ye a.

Ti kabrit yo dwe fèt nan yon kote pwòp, sèk e yo dwe rete cho.

7.7.3.4 Danje pou moun

Pa gen danje pou moun.

7.7.4 Mamit

7.7.4.1 Siy oubyen sentom

Kèl ke swa koz la: sentom tout tip mamit se toujou: tete yo ki cho e ki fè mal anpil epi yo anfle.

Selon jèm ki bay li a, Lèt la ka chanje koulè, li ka sanble pomad oubyen dlo, li ka menm gen san ladan l.

7.7.4.2 Koz ak fason maladi a transmèt

Mamit la se yon maladi kote manmèl la vin anfle. Gen plizyè tip mikwòb ki koze maladi a tankou: estafilokokis spp. (staphylococcus spp.), korinebakteryòm spp (corynebacterium spp), estreptokokis spp (streptococcus spp) oubyen anpil fòm koli (coli).

byenke koz yo anpil, nou kapab di se move swen epi lè yo tire kabrit la nan kondisyon ki pa pwòp ki fè mikwòb la antre sou bèt la.

7.7.4.3 Tretman ak prevansyon

Gen plizyè pwodui ki disponib ou kapab enjekte nan manmèl la. Pwodui sa yo tout se antibyotik yo ye (pinisilin ak tetrasiklin, elatriye) oswa melanj antibyotik. Yo sou fòm yon tib plastik ki gen yon doz 10 – 15 cc.

Tretman ki pi senp se pou retire tout lèt nan manmèl kabrit la plizyè fwa pa jou (omwens 3 fwa pa jou) jouk tan li geri.

Ou ka diminye doulè a epi bese anflamasyon si ou tranpe tete yo nan dlo tyèd twa (3) fwa pa jou.

Pa tire lèt ak men sal. Netwaye manmèl la anvan ou tire lèt la. Pa kite kabrit rete nan labou. Pa kite manmèl la blese.

7.7.4.4 Danje pou moun

Pa gen danje pou moun.

7.7.5 Avotman Klamidyen (Chlamydien)

7.7.5.1 Siy oubyen sentom

Maladi a parèt lè kabrit a pral met ba. Ti kabrit yo kapab fèt tou mouri oubyen yo fèt fèb. Manman kabrit la pa konn soufri anpil lè l fin met ba ; sof si li te pran tan pou l delivre.

Ou ka kwè maladi a tout bon, se lè yo ta fè tès san bèt la oswa yo fè yon kilti mèt vant la nan laboratwa.

7.7.5.2 Koz ak fason maladi a transmèt

Se yon bakteri yo rele klamidya sitasi (Chlamydia psittaci) ki bay li. Mikwòb sa a, yo plis abtye jwenn li nan mouton. Yo panse femèl la pran mikwòb la, lè li vale l nan peryòd li pral met ba. Mikwòb la vin devlope, jouktan bèt la vin retounen plenn ankò.

7.7.5.3 Tretman ak prevansyon

Si ou bay kabrit la yon piki tetrasiklin (tetracycline) nan chè (intramusculaire), pandan 5-7 jou, ou ka limite oswa diminye kantite avòtman epi anpeche mikwòb la gaye.

Meyè mwayen pou anpeche maladi a gaye, se ta brile oubyen antere ti kabrit ki mouri yo ansanm ak mèt vant la ; epi mete manman apa.

7.7.5.4 Danje pou moun

Pa gen danje pou moun.

7.7.6 Abse (lymphadénite caséuse)

7.7.6.1 Siy oubyen sentom

Sa se yon pòch anba po a ki gen pij ki konn tou vèt. Li ka parèt anba machwè bò zòrèy, devan zepòl, pi wo tete, bò jarèt, elatriye. Glann yo konn cho epi anfle. Maladi a pa touye bèt la fasil.

7.7.6.2 Koz ak fason maladi a transmèt

Malgre maladi a atake kabrit ki manje zèb ki kontamine, li konn parèt tou, lè po bèt la blese oswa pike.

7.7.6.3 Tretman ak prevansyon

Pou abse a trete, fòk li vin mou. Ou kapab fann li pou pij la ka byen koule. Rense l ak tenti dyòd (teinture d'iode). Ou ka konplete tretman an lè w bay kabrit la antibyotik (penisilin, tetrasiklin) pandan 3-5 jou. Pou anpeche lòt kabrit pran maladi a, ou dwe brile oswa antere tout sa ki sòti nan abse a.

7.7.6.4 Danje pou moun

Moun nan dwe pwoteje men li lè l ap fann abse a, pou men l pa gen kontak ak pij la, paske mikwòb la ka enfekte pol. Li dwe lave men l tou lè li fin manyen bèt ki te gen abse.

7.7.7 nemoni

7.7.7.1 Siy oubyen sentom

Kabrit la vin gen lafyèv, nen l ap koule larim, la p touse epi li respire mal (ripirasyon fèb). Lè ka a pi grav, kabrit la respire nan bouch.

7.7.7.2 Koz ak fason maladi a transmèt

Plizyè mikwòb ak viris oubyen vè poumon, ka bay maladi a. mèm si pi souvan se mikwòb ki bay maladi a, li konn kòmanse souvan, lè kabrit la nan yon kote li pa ka respire byen.

7.7.7.3 Tretman ak prevansyon

Premye tretman an, se ta pran swen kabrit la byen epi mete l yon kote pou l ni pa two cho, ni pa two fret, pou l byen respire. Li nesèsè pou w ta bay antibyotik oubyen silfamid oswa nan venn oswa nan chè. Fòk ou ba l zèb fre ak dlo fre ; epi pa kite l fè mouvman initil.

7.7.7.4 Danje pou moun

Pa gen danje pou moun.

7.7.8 Salmoneloz

7.7.8.1 Siy oubyen sentom

Dyare wouj oubyen nwa, se pami sentom salmoneloz la. Ti kabrit yo konn gen gwo lafyèw epi yon gwo dyare.

7.7.8.2 Koz ak fason maladi a transmèt

Gen plizyè mikwòb nan jan (genre) Salmonela (Salmonella) ki koze maladi a kay anpil bèt. Se yon mikwòb ki trè kouran epi bèt ki genyen l fè l gaye.

Lè yon kabrit manje zèb oubyen fouraj ki kontamine ak mikwòb la, li ka vin devlope maladi a.

7.7.8.3 Tretman ak prevansyon

Trete kabrit la avèk Nesisin (Necycine), tetrasiklin oswa silfamid. Nan ka sa a medikaman sa yo trè efikas. Bay kabrit la zèb fre ak dlo fre pou l ka geri pi vit. Pou anpeche maladi a antre sou kabrit la, mete kabrit ki malad yo apa ; netwaye kote l ye a, epi fè atansyon pou w pa achte kabrit ki te konn bay san nan dyare.

7.7.8.4 Danje pou moun

Salmonela Spp. (salmonella Spp), se yon seri mikwòb ki kapab enfekte moun tou. Yon bon ijyèn (lave men w aprè w fin manyen yon bèt enfekte) nesèsè si w pa ta vle pran maladi a.

7.7.9 tetanòs

7.7.9.1 Siy oubyen sentom

Siy tetanòs la parèt aprè nan entèval 7 e 14 jou lè li fin trape mikwòb la. Lè yon kabrit gen tetanòs, kò l vin rès, li pa ka ouvri bouch li epi janm li rete dwat. Li ka gen lafyèw tou ; kò l ka tranble lè li tande bri.

7.7.9.2 Koz ak fason maladi a transmèt

Se yon pwazon (toksin) ke yon mikwòb yo rele Klostridyòm tetani (Clostridium tetani) fabrike (sekrete) ki bay maladi a. mikwòb sa a toupatou, li nan pou pou bèt ak moun, li nan tè a tou. Maladi a antre, lè yon kabrit blese, e mikwòb ki bay tetanòs la antre nan blesi a

7.7.9.3 Tretman ak prevansyon

Tretman kont tetanòs pa toujou efikas paske 80% kabrit ki gen maladi a mouri. Men, pou tretman, bay gwo dòz penisilin lè kabrit la fèk montre siy yo. Ou dwe bay 1 cc pou chak 10 liv (1) yon fwa pa jou. Ou ka bay tou 100,000 a 200,000 UI anatoksin tetanik.

Kabrit la ka proteje, si w ba l de (2) dòz seròm antitetanik a entèval 30 jou.

7.7.9.4 Danje pou moun

Se pa bèt ki bay moun maladi a ; ki donk li pa yon zoonoz. Men moun ka enfekte tou, si kote l ap frekante gen jèm maladi a. si sa ta rive, chèche wè yon doktè touswit.

7.8 Kèk Maladi viris bay

Maladi viris bay yo, yo rele yo maladi viral. Men kèk maladi viral.

7.8.1 raj

7.8.1.1 Siy oubyen sentom

Lè yon kabrit genyen raj, li vin fèb nan janm dèye, li pa ka manje, l ap bave epi li vin fou. Si se yon manman kabrit, li pap bay anpil lèt. Gen kabrit ki konn menm mòde nenpòt sa l jwenn, malgre sa pa rive fasil.

7.8.1.2 Koz ak fason maladi a transmèt

Maladi raj la frape tout bèt ki gen san cho e menm moun tou. Se yon viris ki bay li. Viris sa a nan saliv bèt ki gen raj la e pi souvan se lè l mòde yon lòt bèt li tou transmèt maladi a.

Peryòd pou maladi a devlope a kapab trè long, pafwa (10) di mwa. Men an jeneral, se aprè (2) de semèn.

7.8.1.3 Tretman ak prevansyon

Maladi a pa gen tretman lè sentom yo gen tan parèt. Ou ka fè prevansyon pou moun lè yon bèt anraje mòde l.

Si yon kabrit anraje, ou dwe touye l touswit epi antere l.

Gen anpil vaksen yo itilize kont raj. Chak bèt gen vaksen pa l. Ki donk, bay chat vaksen pa l, bay kabrit vaksen pa l, chyen pa l,

7.8.1.4 Danje pou moun

Yon moun kapab pran maladi a nan kontak ak bèt, e maladi a 100% mòtèl depi premye siy yo parèt.

Si yon moun ekspoze ak raj, li dwe wè yon medsen san pèdi tan.

7.8.2 Fyèb aftez (fièvre aphteuse)

7.8.2.1 Siy oubyen sentom

Sentom yo mwens grav pou kabrit ke pou bèf. Siy yo se: fyèb, yon seri ti bouton nan bouch , nan lang, nan fant zòtèy epi sou tete. Kabrit la konn ap mache brete akòz bouton sa yo. Kèk fwa, premye siy yo kapab avòtman nan ka manman kabrit oubyen lanmò nan ka ti kabrit.

7.8.2.2 Koz ak fason maladi a transmèt

Se yon viris ki koze maladi a. viris sa a gaye toupatou nan lemonn. Maladi a transmèt lè kabrit la manje viris la nan fouraj, oubyen lè l respire l, oubyen li ka atrape viris la nan je l.

7.8.2.3 Tretman ak prevansyon

Maladi a pa gen tretman. Ou ka fè prevansyon lè w vaksinen kont viris. Nan kèk peyi, yo obligè touye tout bèt ki malad, oubyen ki ekspoze oubyen yo sispèk ki gen maladi a.

7.8.2.4 Danje pou moun

Pa gen danje pou moun.

7.9 Maladi parazit yo bay

7.9.1 Parazit entèn

7.9.1.1 Koksidyoz

7.9.1.1.1 *Siy oubyen sentom*

Se nan ti kabrit (ki poko gen 4 mwa) nou wè sa pi souvan. Koksidyoz frape trip yo e febli ti kabrit yo avèk dyare jouktan yo mouri. Li bay kabrit dyare ki pa rete e dyare a ka gen san ladan li. Pou ou konnen byen si gen koksidyoz, ou bezwen yon laboratwa pou analize pou pou kabrit la.

7.9.1.1.2 *Koz ak fason maladi a transmèt*

Se yon parazit mikroskopik (piti piti) ki rele Emerya spp (Eimeria spp) ki bay li. Lè kabrit ki gen koksidyoz pou pou yon kote, li kontamine zèb la ak yon pakèt ze yo rele ookis (ookystes). Konsa yon lòt kabrit ki vin manje kote kabrit la te pou pou a, pran ze yo. Ze vè a devlope nan vant li. Konsa, kabrit la ap vin devlope maladi a.

7.9.1.1.3 *Tretman*

Gen divès produi yo itilize nan tretman koksidyoz. Men meyè tretman an se bay kabrit la yon premye dòz 200mg/kg pwa l aprè sa, ba l yon demi dòz (100mg/kg) pandan kat (4) jou. Fòk gen yon bon ijyèn pou tretman an ka efikas.

7.9.1.1.4 *Danje pou moun*

Pa gen danje pou moun.

7.9.1.2 Douv oubyen vè fwa di

7.9.1.2.1 *Siy oubyen sentom*

Lè douv anvayi kabrit la, yo fè l grandi mal ; machwè l vin gen fòm boutèy ; vant li anfle epi l ap fè l mal ; li anemi epi kèk fwa li mouri sibatman.

7.9.1.2.2 Koz ak fason maladi a transmèt

Douv yo gwo anpil epi yo viv nan divès pati kò bèt la. avan bèt la pran vè a, vè a pase pa plizyè estad pandan li ap viv deyò. Li menm pase andan yon kalmason (limnée). Bèt la pran douv la nan zèb l ap manje aprè ke yon lòt bèt te elimine l nan pou pou l. Douv ki pi kouran yo, se sa k viv nan fwa a.

7.9.1.2.3 Tretman ak prevansyon

pou elimine douv yo, bay kabrit la albendazòl. Dòz la se 10-20 mg/kg pwa kò l. si yon manman kabrit plenn, ou dwe ba l medikaman an lè l gen de (2) mwa. Ou ka bay fendandazòl (fendandazole) tou. Dòz la se 10mg/kg pwa kò l. medikaman sa a, pa prezante danje pou femèl ki plenn.

7.9.1.2.4 Danje pou moun

Pa gen danje pou moun.

7.9.1.3 Vè won oubyen vè trip.

7.9.1.3.1 Siy oubyen sentom

Premye siy nan se anemi paske parazit la souse san kabrit la. Lè gen anemi, popyè a blan nèt, andedan bouch la vin pal. Lè sa, kabrit la kagou, li manke fòs, bouch li pran fòm boutèy, li gen dyare e pwal li sèk, long e rèd.

7.9.1.3.2 Koz ak fason maladi a transmèt

Jèn kabrit yo gen maladi a souvan. Tout espès vè nan tip sa a, bay ape prè menm maladi a.

7.9.1.3.3 Tretman ak prevansyon

Bay kabrit yo vèmifij regilyèman ; chak fwa w ap mete yo nan yon nouvo patiraj ; aprè yo fin mèt ba ; aprè sezon lapli. Pou elimine parazit yo, ou ka bay kabrit la Evèmectin selon yon dòz 200mg/kg pwa kò l.

7.9.1.3.4 Danje pou moun

Pa gen danje pou moun.

7.9.1.4 tenya

vè sa yo long, plat epi yo blan. Yo viv nan trip kabrit la. Lè kabrit la pou pou, li jete yon bann ze yo rele ano. Vè sa yo pa bay pwoblèm fasil, sof si anpil ta anvayi ti kabrit. Ou kapab konbat yo byen fasil. Bay kabrit la albendazòl. Dòz la se 10-20 mg/kg pwa kò l. si yon manman kabrit plenn, ou dwe bal medikaman an lè 1 gen de (2) mwa.

kabrit adil yo pa gen pwoblèm avèk vè sa yo ; epi yo pa genyen yo anpil.

7.9.1.4.1 Danje pou moun

Pa gen danje pou moun.

7.9.1.5 toksoplasmoz

Li pa fasil pou jwenn kabrit ak mouton gen maladi sa a; maladi kapab pwovoke yon avotman raman.

7.9.1.5.1 Koz ak fason maladi a transmèt

Parazit la ki sanble ak yon koksidi, enfekte chat anvan li kontamine kabrit ki ta manje kote ki gen ekskremen (pou pou) chat. Lòt bèt oswa moun kapab pran maladi a tou, si yo manje vyann kri ki enfekte oubyen ki te gen kontak ak pise oubyen ekskremen oubyen lòt sekresyon kò a ki enfekte, tankou lèt. Maladi a sanble manifete toupatou nan lemonn.

7.9.1.5.2 Tretman ak prevansyon

Ou ka itilize kèk silfamid pou trete moun. Men bèt yo pa trete fasil. Meyè prevansyon se pwoteje manje kabrit yo, pou yo pa enfekte ak ekskremen chat , epi byen bouilli lèt n ap bwè.

7.9.1.5.3 Danje pou moun

Pa gen gran ris pou moun, men moun kapab atenn si lè bwè lèt kri.

7.9.2 Parazit ekstèn

7.9.2.1 Pou

7.9.2.1.1 Siy oubyen sentom

Pou yo se parazit ekstèn ki viv pi souvan sou kabrit. Parazit sa yo se yon seri ensèk ki piti anpil ; se yon sèl espès ki vizib san mikwoskòp. Sentom yo se manjezon, je ak anndan bouch bèt la vin pal, manman kabrit la pa bay anpil lèt ankò, epi bèt la pa grandi ankò.

7.9.2.1.2 *Tretman ak prevansyon*

Tretman an fasil. Ou ka itilize plizyè ensektisid pou tiye yo. Lè w ap trete bèt la, byen tranpe l. trete l de (2) fwa pou pi piti nan entèval de (2) semèn pou ti ki fèk fèt yo ka mouri. Fòk ou pran anpil prekosyon lè w ap trete ti kabrit. Si kabrit ki fin trete pran kontak ak kabrit ki gen pou, l ap tounen gen pou ankò.

7.9.2.1.3 *Danje pou moun*

Pa gen danje pou moun.

7.9.2.2 **Gal**

Gal la, se yon seri ti bèt ki tou piti yo rele akaryen ki bay li. De (2) tip akayen ke yo pi konnen yo jwenn sou kabrit se *Sakòptès (Sarcoptes) ak Mit (Demodex)*. Sakòp la bay kabrit la yon majezon avèk kout, epi li fè pwal kabrit la tonbe. Mit la pwovoke yon ban ti boul pi souvan kote kabrit la ka fwotw kòl.

7.9.2.2.1 *Koz ak fason maladi a transmèt*

Se kabrit ki gen gal ki bay lòt kabrit li.

7.9.2.2.2 *Tretman ak prevansyon*

Li difisil pou yo konbat tou lè de (2) tip gal yo ; sa mit bay la pi rès toujou. Itilize ensektisid epi byen tranpe pwal kabrit la. Trete bèt la chak de (2) semèn pandan twa (3) mwa. Pran anpil prekosyon lè w ap trete ti kabrit.

7.9.2.2.3 *Danje pou moun*

Moun ka pran sakòp la ak mit la tou. Men sa yo ki sou kabrit la pa menm ak sa k sou moun nan. Ki donk, zafè gal sot sou bèt antre sou moun nan, se pa bagay ou ka wè fasil.

7.9.2.3 **Lateng oubyen Pyas**

7.9.2.3.1 *Siy oubyen sentom*

Lè chanpiyon lateng antre sou yon kabrit, yo gen tandans gwoupe yo yon kote pou yo vin fòme yon plak tou won. Sentom yo se : yon seri de zòn ki gen kout tou won epi ki pa gen pwal. Tèt, zòrèy, kou, kèk fwa pati kò, ak tete kabrit la, tout kou atenn.

7.9.2.3.2 *Koz ak fason maladi a transmèt*

Lateng nan se chanpiyon ki piti anpil ki bay li. Chanpiyon sa yo kapab viv anpil tan nan tè a.

7.9.2.3.3 *Tretman ak prevansyon*

Pou trete kabrit la kont lateng, ou dwe grate kout yo avèk yon bwòs ki byen di oubyen yon moso metal oubyen bwa. Aprè sa pase tenti dyòd 2-7% sou kote ou fin grate a pandan 2 rive 3 fwa pa semèn. Fòk ou fè atansyon lè w ap pase tenti dyòd la bò je kabrit la. Ou kapab tou badijonnen plak yo ak yon pat ki gen *tyabendazòl* an poud malanje ak yon ti dlo. Melanj sa a ka tiye chanpiyon yo san l pa afekte je kabrit la. Ou ka itilize tou *kaptan* an sispansyon. Lè w fin trete kabrit la, ou dwe netwaye kote l ye a, pou l pa tounen enfekte.

7.9.2.3.4 *Danje pou moun*

Lave men w aprè w fin trete bèt la, paske anpil chanpiyon lateng ki afekte bèt, kapab afekte moun tou.

Kèk medikaman pou trete bèt yo

A) **Tablo 5: Medikaman pou elimine parazit entèn**

medikaman	Vè won	Tenia	Vè poumon	Douv	Koksidi	prekosyon
Albendazole	5-10 mg/kg	5-10 mg/kg		10-20 mg/kg		Si kabrit la plenn, itilize l aprè-1 gen 2 mwa.
Fenbendazole	5 mg/kg	5-10 mg/kg	5-10 mg/kg	10 mg/kg		San danje pou femèl plenn
Ivomec ou Dectomax	0.2 mg /kg		0.2 mg /kg			San danje pou femèl plenn
Ivomec plus	0.2 mg /kg	.2 mg / kg	0.2 mg /kg	0.2 mg /kg		San danje pou femèl plenn
Levamisole	8 mg/kg		8 mg/kg			San danje pou femèl plenn
Mebendazole	9mg/kg					San danje pou femèl plenn
Sulfamides (dimidine, guanidine, methazine, quinoxaline)					200 mg/kg	Diminye dòz la de mwatye nan lt jou yo. Tretman pandan 3-5 jou.
amprolium					10-14 mg/kg	Bay li pandan 5-21 jou.

B) **Tablo 6: Kèk antibyotik ak itilizasyon yo**

Antibyotik	Vwa administrasyon	Dòz	Dòz rapèl
Ampicilline	IM (nan chè) oubyen IV (nan venn)	4-10 mg/kg	Chak 12 zè
Amoxicilline	Oral (nan bouch)	6-10 mg/kg	Chak 12 zè
Erythromycine	IM (nan chè)	10-12 mg/kg (jèn) 2-5 mg/kg (adil)	Chak jou
Pénicilline			
G-procaine	IM (nan chè)	30,000-40,000UI/kg	Chak jou
G & benzathine	IM (nan chè)	30,000-40,000UI/kg	Yon sèl fwa
G & stretomycine	IM (nan chè)	30,000-40,000UI/kg	Chak 12 zè

C) **Tablo 7: Kèk Vitamin**

Vitamin	Vwa administrasyon	Dòz	Prekosyon
Vitamin A, D	IM (nan chè)	0.25 ml (piti) 0.50 ml (jèn) 1-2 ml (adil)	Bay piki sa a chak twa (3) mwa si gen bezwen.
Vitamin B complex	IM (nan chè)	0.50 ml (piti) 2 ml (jèn) 5 ml (adil)	Bay li lè bèt la pa gen apeti. Bay chak jou pandan senk (5) jou.
Vitamin E	IM (nan chè)	0.25 ml (piti) 0.50 ml (jèn) 2 ml (adil)	Bay piki sa a chak twa (3) mwa si gen bezwen.

Liv nou konsilte yo

1. Jean-Pierre, Barret : Zootechnie générale. 1992.
2. Birmingham, M.E Frank, R.F: Elvaj kabrit e mouton. Haïti, IICA, (pp 81).
3. FAMV/GRET: Manuel d'agronomie tropicale. Haïti, GRET, 1990 (pp 487).
4. Michel Chancy: Ajan veterinè - Gid fòmasyon. Haïti, Veterimèd/GATAP, 1995 (pp 222).
5. P. Chemineau et al: Le cabrit créole et ses caractéristiques zootechniques. Guadeloupe, INRA, 1985 (pp 13).
6. Rigaud Pierre-Elie: Diagnostic de l'élevage à la Vallée de Jacmel et possibilités d'amélioration. Haïti, 1984.
7. Thomas R. thedford: Les maladies des caprins. USA, Arkansas, Wi, 1983 (pp 130).